

PWOJÈ MONIMAN AYISYEN NAN SAVANA : AVANTAJ BAB-E-MOUSTACH POU AYITI

Li premye pati atik sa-a nan jounal senmenn pase-a :

E ki avantaj Moniman sa-a pral genyen pou Ayisyen? Senmenn pase-a nou te di nou kijan pwojè moniman Savana parèt. Nou te di nou tou Moniman-an preske fini , gen posiblite pou HAHS(Haitian-American Historical Society) ki se òganizasyon Ayisyen--Ameriken Istwa ak Jewografi ki baze nan Miyami, Florid te antreprann depi kèktan ak sipò gouvènman Savana-a. An nou gadè kounye-a kijan pwojè sa-a ka benefisye peyi Ayiti.

E ki Avantaj sa Genyen pou Ayisyen?

Pou koutmanse kite-m di nou Pwojè Savana-a se pa ni pwojè mouche Goldenbè, ni pwojè leta ayisyen. S'oun pwojè ayisyen. Youn pwojè pou leve eskapn figi nou, Youn pwojè pou respè ak diyite, pou ògèy ak prestij tout Ayisyen pit kou mawo zannana kou pengwen, kit se an Ayiti kit se nan Dyaspora-a. Granmounn kou timounn. Enganm kou kokobe.

Ki Avantaj Ankò?

Istwa 1,500 Ayisyen ki te kite Ayiti al Savana ede Meriken nan batay endepandans yo ap rete vivan. Nan pwen okenn istòryen osnon mounn ki ka oze kesyonnen patisipasyon ayisyen yo nan batay Savana-a. Lè youn etranje wè ti bout tonton k'ap woule tanbou k'ap chofe solda yo... Y'ap poze kesyon e se pral tout youn franch istwa peyi nou ki pral debobinen devan yo... Ti kristof ki rive Wa kristof nan Peyi Dayiti ki te bati 8èm mèvyè nan monn lan Sitadèl Laferrière. Youn istwa ki fè tout nèg ak nègès nan Nò peyi-a gonfle pwatray yo, bat lestonmak yo 3 fwa.

Ki Avantaj Toujou?

Enben si Meriken onore Franse yo, Polonè yo, Angle yo, Esklav ki t'ap goumen sou kote yo ak pwomès pou yo te ba yo libète.. enben jounen jodi-a nou tou, nou mande pou yo onore frè nou yo. Zansèt ayisyen yo ki te bay san yo, goumen rèdchèch ak Angle yo. e ke se grasa yo si Meriken te finalman re-òganize yo pou te genyen batay Pennsikola-a.

Avantaj Ekonomik Bab-e-Moustach

Gen gwo avantaj ekonomik tou.. Gen mounn san reflechi ki di se Savana ki pral benefisye ekonomikman avantaj moniman-an. Se touris n'ap fè pou yo. Touris pa al Ayiti. Men sonje pou etranje vin lakay ou se ou ki pou louvri pòt la. Touris se youn biznis. Gen de peyi se sou sa senpman yo viv. Enben si jounen jodi-a touris pa rantre lakay , e noutout konn pouki , si yo pa vin jwenn nou, enben nou pral jwenn yo. Konsa, nou pral demanti tout vye koze sèpida y'ap fè sou peyi nou. Nan Savana, nan Franklin Square kote milyon touris ap pwomennen monte-desnann chak ane yo pral kontre bab pou bab ak moniman solda ayisyen yo, y'ap li plak yo. Y'ap konnen kiyes yo te ye e kisa peyi Dayiti reprezante sou kat limanite-a. Y'ap aprann kontribisyon nou nan endepandans pi fò peyi nan Lamerik la ak peyi Etazini. Y'ap konnen solda sa yo ki kanpe fizi okanon sou tèt moniman-a se yo ki pita te vin kore ewo endepandans nou yo pou kase chenn lesklavaj la. Lè yo fin aprann tou sa se si e sèten y'ap anvè konnen peyi sila-a. Peyi nèg sa-a ki pote premye pri e ki te chanje direksyon sosyete-a. Y'ap gen youn lòt pèsèpsyon de noumenm.

VANT SIYATI-MARASA

DIMANCH 20 DAWOU
DEPI 5:00è RIVE POU 7:00è.

De Powèt- 2 gran Powèt nan Nouvo Jenerasyon-an

ANDRE FOUAD AK RON LUCRONEL
ANDRE FOUAD FENK PIBLIYE

ETENSÈL MO M YO

LUCRONEL FENK PARÈT AK:
SOURIRE DANS LE MIROIR

(an 3 lang Sou cd)

youn anbyans literè nou pa dwe rate

Achte Teren-Mete Komès ak Restoran

Epitou, ak kozman globalizasyon sa-a, valè atis ayisyen ki nan dyaspora-a, se youn opòtinite pou yo louvri kèk galeri, boutik, estidyo tout kalite biznis atizay...N'ap pote kilti-a bay touris yo. Sa va penmèt y'achte ki pral bay atizan lakay tankou Ozetazini travay.... Kidonk, si nou kreye mwayen yo enben l'ap debouche sou youn gwo mouvman ekonomik pou atis ayisyen isit ak lakay. Real estate yo mounn k'ap envesti yo achte kèk bilding nan zòn nan vit e prese, pa kite zòt gentan pran avanta yo. Nou dwe louvri youn restoran ki pa tètchat, youn restoran premye klas ki pou louvri 24 sou 24 e k'ap sèvi manje ayisyen....

Epi se pral bèl bagay wi, lè noumenm nan dyaspora-a pou vakans nou Mennen timounn yo , Mennen zanmi nou ak zanmi nou Savana al vizite moniman Haitian Historical Society-a mete kanpe-a... Desann nan otèl Atis va fè bèl foto ak videyo voye lakay pou chofe mounn lakay... An verite youn pwojè konsa te dwe youn pwojè leta ayisyen Kòm Haitian American Society kòmanse-l, l'ap fini-l. E bi yo se metesou plas Sen Mak youn lòt moniman menmjan paske se devan legliz Sen Mak-la 1,500 volontè yo te derape pou al Savana... Youn bon rezon pou tout mounn Sen Mak gonfle lestonmak yo tou....

Oktob 2006 osnon Janvyè 2007?

9 oktòb 2006 te dwe dat inogirasyon-an. 3 nan 6 estati yo pare. Men dapre sa nou fenk aprann gouvènman Savana-a poko pare. Pyedestal la ki te pral fèt ak mi solid sanble pral pi bwodè. Vil Savana pral fè-l an granit. Kidonk l'ap pran youn ti tan anplis. Pyesdestal la ap gen 6 fasad kote yo pral mete bèl sitasyon ak deklarasyon gran ekriyen ayisyen tankou etranje. Alòs reta otorite vil Savana-a pral efekte batèm pwojè-a ki te planifye pou an oktòb. Yo pwojete-l pou Janvyè 2007.

\$150.00 Senpman si nou vle patisipe

Mounn ki vle imòtalize non yo ak non fanmi yo osnon biznis yo osnon òganizasyon yo, gendwa achte youn brik pou \$150.00 Konsa y'ap pote kontribisyon yo nan youn pwojè patriyotik e youn jou lè y'a Savana y'ava wè non yo byen bwodè sou brik ki pral dekore plas la. Se lajan brik yo k'ap ede òganizasyon-an fini pwojè-a. Si nou bezwen achte brik rele Libreri Mapou nan 305 757-9922 osnon al nan website www.haitianhistory.org

Jan Mapou

KRI D'AYITI - DOULÈ MIDI

Tankou youn kako devan Ton Sam
Ilan-ilan, y'ape mennen-m

Yo vole dwa-m

M'pèdi tout vwa-m

Dade eta-m!

K'on zonbi mann-mannan

K'on revenan

M'pèdi kafè-m

M'pa pye bwa-m

M'pèdi chimen-m

M'pèdi lafwa-m

Men kwè-m si w'vle, tonnè kraze-m

M'pa p'pèdi drapo-m

M'ap p'pèdi petwo-m

Ak bwa gita-m

Ak bwa banbou-m kòm zam

M'pa p'pèdi listwa-m

Ou vle mare ak kòd nan nanm

Tankou ewo-m

Tankou Sodo-m

Men Tonton Ram, tonnè boule-m

Ak vwa-m, ak fwa-m

Ou pa p'ka defye-m

Ou ban-m opyòm pou avegle-m

Jouk tan pase pou dezabiye-m

Tenyen limyè-m

Blese doulè-m;

S'on rekiyèm, chanson malè-m

Men tonton Ram, vyèyete je-m

Mwen se lespri, m'p'ap fout mouri

Paske lavi

Moso pou ou, moso pou mwen, moso pou li

Paske lavi moso pou mwen, moso pou ou,

moso pou li

Lucronel, Ronn 2-06

Enspirasyon:: Emile Michele ak Luck Mervil

GOUSBAY

CHARLES HARRISON PAWLEY

ACHITÈK CARIBBEAN

MARKET LITTLE HAITI-A

Charles Harrison Pawley se youn Haitian-Ameriken ki mouri senmenn sa-a e ki kite anpil chagren nan kè nou. Se youn blan meriken ki fèt an Ayiti. Li se achitèk ki te bati Caribbean Marketplace-la. Youn moniman istorik, youn "landmark" tankou yo di an Angle.. Pòsyon sa-a nou wè nan Caribbean-nan se te premye faz la. Li te genyen pou l'te agrandi, layite kò li pa dèyè nèt ale ak restoran an plen nè, vale pakin, tab ak parsòl sou tout devan 2èm avni-an.

Se te youn konpetisyon sou lobedyans Haitian Task Force ak sibvansyon Miami-Dade County ansanm ak City of Miami.. Zòn NE 2nd avni-a te gen pou devlope depi nan kòmansman ane 90 yo. Youn nan zòn kòmèsyal e kiltirèl ki te pral leve eskapn vizay Little Haiti, senbòl aspirasyon youn gwoup mounn ki kite Ayiti nn kannòt anbwa e ki t'ap chape poul yo pou Diktati Divalye-a. Charles enspire-l de mache anba Ayiti-a pou le desine mache Ayisyen nan Miyami-an. Li te pote premye pri. Estil bilding-la se estil gingerbread, estil kay lakay. Miami Herald di, charles byen souche nan epòk li.

Koulè yo te vivan. Anndan tankou deyò. Byen solid. Malgre tout siklòn ki pase yo, bilding nan kanpe tinfas. Sèl kontraryete sèke anndan-an te fè cho. Pa te gen èkondisyonè. Se te plis youn grap vantilatè k'ap brase lè cho pou voye-l jete bay youn lòt manman vantilatè aspiratè nan youn fenèt anlè. Te gen 24 ti biznis 24 ti kare kote ou jwenn youn tralye ti komèsan eksite fòk pa plis pou yo te derape devlopman ekonomik la nan Little Haiti. Lè Caribbean Market la louvri 7 Avril 1990 se te bèl anbyans. Touris debake atis ap vann penti, mayo, foto ak tout kalite atizay. Se nan anbyans sa-a Libreri Mapou te derape.

Men Task Force fè fayit. Premye ekip la sou direksyon Bob Lamote jete yo. Ansuit Yves Vielot ak youn komite direktè tètchaje ap eseye vire bato-a ki t'ap chavire. Yo koule-l pi plis. Se konsa, Mache Ayisyen-an bwè dlo. Nan ane 1996, apre yo gwo eskandal ki deklannche nan laprès pale ak ekri plis youn seri akizasyon nan Miami Herald, Bilding Harrison Pawley-a fèmen.. Ni "City" ni "County" tonbe reklame lajan yo. Finalman City of Miami sezi-l. Depi lè-a chak ane, politisyen ap pase kominote-a nan betiz. Pwojè sou pwojè, plan sou plan epi anyen tonton. Bilding nan chita la, l'ap pouri, l'ap gaspiye

Nan ane 2004-2005 City of Miami deklannche youn sèl grenn pwogram pou reyabilite Little Haiti. Pòv defen Komisyonè Art Teele anonse kominote-a li pral bati youn "first Class Parc" kote k'pral gen pisin, pyebwa, ap gen jwèt, zòn pou piknik. Biwo NET ap la pou sèvis, ap gen biwo lapolis, bibliyotèk ak Libreri. Anplis de tout bèl bagay sa-a yo t'ap gen youn estadyòm 3,000 plas pou voye foutbal monte tèt-kale nan Little Haiti.

Depi apre eleksyon yo kote yo voye youn <bond> \$25milyon pou pwojè Pak-la City-a anplwaye anplwaye achitèk Bernard Zyscovitch ki vini ak plan pa-l pou kraze market-La.. Nan plas li li pral monte yon Sant kiltirèl ak yon black box theater pou 300 mounn. Blak Box theater sa-a te sipoze premye lansman pwogram nan. Premye kout pikwa voye nan 59èm ri-a men malerezman jouk kounye-a kominote-a ap tann. Estadyòm nan ap prepare, demolisyon kòmanse senmenn sa-a pou teyat la.

Lè Charles Harisson Parley aprann City-a pral kraze Caribbean nan pou li bati youn lò sant kiltirèl. Li vin wouj kon tèt kòk nan gagè. Li mete-l ankwa pou sa pa rive. Li ekri lèt voye bay majistra-a ak tout kominyonè yo. Li desann nan Little Haiti rasanble kèk aktivis epi montre enpòtans CMP pou vil Miyami-an onivo achitekti, istwa ak kilti. Li te vle pou yo respekte siyati-l , respekte youn bèl bagay ki pwopriyete kominote-a e ki pran pri ekselans ak 7 lòt dekorasyon, Li deklare yo pa gendwa detui konsa.

Charles Harrison se youn blan gran kè. Lè li aprann nan jounal Miami Herald City-a pral fèmen Libreri Mapou li ofri sèvis li <pro-bono> e se grasa a limenm si finalman nou te gen kanpo ak abi otorite yo. Charles mouri. Li kite souvni youn bon gason. Youn Meriken ki pat lage orijin ni. Youn gran achitèk ki kite tras li nan Miyami.

Jan Mapou